



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PWOPOZE NOUVO INISYATIV POU RANFÒSE SISTÈM SWEN SANTE NOUYÒK LA AK ELAJI AKSÈ AK SWEN

Amelyore rezilta pou moun ki gen difikilte ak obezite gras ak aksè ak medikaman GLP-1 ki chanje anpil lavi

Enpoze estanda minimòm pou plan dantè otonòm pou senplifye ak amelyore swen pou konsomatè yo

Asire aksè ak swen medikal ijans ak pwolonje pwogram transfòmasyon rezo sekirite a

Ofri inite èkondisyone pou Nouyòkè ki ansent yo ak moun ki gen maladi kwonik yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a inisyativ ki vize pou amelyore kouvèti swen sante ak ranfòse sistèm swen sante Nouyòk la nan kad Diskou Eta Leta 2025 li a. Inisyativ sa yo enkli elaji aksè ak medikaman GLP-1 ki chanje lavi pou moun ki gen difikilte ak obezite, senplifye ak amelyore pwoteksyon dantè pou konsomatè yo, ak elaji kouvèti asirans pou inite èkondisyone pou fanm ansent ak moun ki gen maladi kwonik yo. Anplis de sa, Gouvènè a pral prezante nouvo lejislasyon pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè ak sèvis medikal ijans epi elaji Pwogram Transfòmasyon Rezo Sekirite (Safety Net Transformation Program) a.

"Pandan n ap kontinye rekiperasyon apre pandemi nou an, li enpòtan pou nou fè investisman ak inovasyon nan sistèm swen sante nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ane sa a pwopozisyon sante nou yo pral remèt plis lajan nan pòch Nouyòkè yo epi asire yo gen aksè ak bon jan kalite swen abòdab."

Ogmante disponibilite medikaman obezite ki kapab sove lavi

Obezite kontribye nan ogmantasyon risk pou dyabèt, maladi kè, kansè ak lòt kondisyon grav, epi abòde obezite rete yon defi nan Nouyòk. Baryè pri yo te kite anpil pasyan Medicaid san aksè ak medikaman ki chanje lavi, tankou Wegovy ak Ozempic - agonist reseptè peptid-1 nan tip glikagon (glucagon-like-peptide-1, GLP-1) ki te transfòme tretman obezite yo.

Pou abòde sa, Gouvènè Hochul ap mande Depatman Sante (Department of Health, DOH) pou evalye aksè ak medikaman GLP-1 pou manm Medicaid ki gen gwo risk pou gwo evènman kadyovaskilè negatif, tankou atak kè oswa konjesyon serebral. Nouyòk pral travay tou ak lòt eta yo pou fè presyon sou konpayi medikaman yo pou desann pri GLP-1 yo epi adrese aksè inekitab ak medikaman sa yo ki chanje anpil lavi, epi fè yo pi disponib pou plis Nouyòkè. Inisyativ sa yo pral vize amelyore rezilta pou moun ki gen difikilte ak obezite epi redwi inegalite nan sante ki anpeche aksè ak tretman sa yo.

Elaji aksè ak swen dantè

Yo byen rekonèt lyen ki genyen ant swen dantè ak sante jeneral, men anpil Nouyòkè fè fas ak gwo defi pou jwenn aksè ak sèvis sante oral ki enpòtan anpil. Gouvènè Hochul planifye pou etabli estanda minimòm pou plan dantè ki disponib sou mache aepi eksplòre itilizasyon finansman federal pou Dewogasyon 1332 pou sibvansyone depans pou achte plan dantè yo. Pou amelyore aksè a plis toujou, Gouvènè Hochul pral entwodui lejislasyon ki pèmèt ijyenis dantè yo travay nan yon seri anviwònman ki pi gwo. Anplis de sa, Depatman Sante a pral pran mezi pou ankouraje plan sante yo pou re-vesti lajan nan inisyativ inovan ki amelyore disponiblite swen dantè.

Aksede ak swen dantè poze defi pou Nouyòkè yo. Prèske mwatye nan granmoun ki gen dèt swen sante dwe omwen kèk nan dèt sa a pou swen dantè. Kontrèman ak plan medikal yo, plan dantè yo manke estanda ki konsistan dapre Lwa sou Swen Abòdab, ki mennen nan konfizyon sou depans ak benefis yo. Pa genyen estanda pwoteksyon minimòm pou plan dantè, sa ki fè li difisil pou 260,000 Nouyòkè ki enskri sou mache endividyèl la pou navige nan diferan avantaj ak pri yo. Pou adrese sa, Nouyòk pral entwodui yon Plan Dantè Estanda pou Adilt an 2026, ki egzije plan dantè otonòm pou satisfè estanda minimòm pou senplifye ak amelyore swen dantè pou konsomatè yo.

Asire Aksè a Sèvis Medikal Ijans

Nouyòk te pran gwo mezi nan dènye ane yo pou ranfòse sistèm Sèvis Medikal Ijans (Emergency Medical Services, EMS) eta a. Sepandan, gen zòn atravè eta a kote sèvis EMS yo pa toujou disponib ak fyab.

Gouvènè Hochul pral entwodui lejislasyon ki defini EMS kòm yon sèvis esansyèl epi ki egzije pou konte yo asire tout rezidan yo gen aksè adekwa ak sèvis sa yo. Lejislasyon sa a pral egzije tou pou konte yo devlope yon kat EMS konte ki pral pèmèt Nouyòk idantifye ak ranpli twou vid ki genyen nan kouvèti asirans yo, kowòdone nan tout eta a pa Gwoup Travay EMS Eta a, ki te etabli pa Gouvènè Hochul an 2022.

Elaji Pwogram Transfòmasyon Rezo Sekirite a

Enstitisyon swen sante rezo sekirite nan Nouyòk fè fas ak defi nan kenbe rezistans ak establite. Pou abòde sa, an 2024 Gouvènè Hochul te etabli Pwogram Transfòmasyon Rezo Sekirite a, ki bay sipò finansye ak fleksibilite regilalatwa pou ankouraje patenarya estratejik yo, epi ranfòse sistèm lopital yo. Nan premye ane li a, pwogram nan te fè eksperyans demann ki depase finansman ki disponib la.

Pou satisfè demann sa a, Gouvènè Hochul pral asiye resous adisyonèl nan pwogram nan. Angajman sa a pral sipòte aplikasyon ki diy epi ankouraje nouvo patenarya pou estabilize ak ranfòse lopital rezo sekirite Nouyòk yo pou lavni.

Elaji aksè ak inite èkondisyone pou moun ki gen kondisyon kwonik yo

Nan Eta Nouyòk, chanjman klimatik ap entansifye gravite, dire ak frekans evènman chalè ekstrèm yo. An 2024, Gouvènè Hochul te anonse yon ekspansyon kouvèti asirans pou achte, livrezon, ak enstalasyon èkondisyone nan plan esansyèl la pou manm ki gen gwo risk medikal akòz opresyon. Pou bati sou reyalizasyon sa a, Gouvènè Hochul planifye pou elaji kritè elijiblite pou inite èkondisyone yo pou enkli fanm ansent ak moun ki gen lòt kondisyon sante ki agrave akòz chalè ekstrèm, tankou dyabèt, maladi kadyovaskilè, ak tansyon ki wo. Agrandisman sa a pral antre anvigè an 2026 epi yo prevwa pou asire jiska 15,000 moun ki enskri nan Plan Esansyèl anplis ka jwenn aksè ak inite èkondisyone yo, sa k ap diminye efè chalè ekstrèm yo yon fason sinifikatif sou popilasyon vilnerab yo.

Komisè Sante Eta Nouyòk la, Doktè James McDonald, te deklare, "Pwopozisyon sa yo, ki gen ladan elaji aksè a swen dantè, medikaman pou trete obezite, ak amelyore aksè ak inite èkondisyone yo, montre angajman Gouvènè a pou adrese pwoblèm reyèl Nouyòkè yo epi ede yo viv byen."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)